**Лекция№8**

**Г1уллакхан къамелан дакъош. Айдардешнаш, церан нийсайаздар.**

**Дешт1аьхье. Йукъара мавь1на**

Г1уллакхан къамелан дакъош 4 ду: дешт1аьхье, хуттургаш, дакъалгаш, айдардош. Оцу къамелан дакъоша, коьртачу къамелан дакъоша санна, я х1ума, я х1уманан билгало, терахь, я дар – хилар ца гойту, цара оцу къамелан дакъошна юкъара юкъаметтиг гойту.

Лач дожарийн форманашца цхьаьна предложенехь ц1ердешан, билгалдешан, терахьдешан, ц1ерметдешан кхидолчу дешнашца йолу юкъаметтиг гойтуш долчу г1уллакхан дешнех дешт1аьхье олу. Масала:

Тетрадех стоммачунна т1ехь яздира цо шен туьйра.

Г1анта т1ехь хиъна 1ара к1ант.

Пхеанна т1е кхоъ тоьхча барх1 хуьлу.

Цунна дехьа лаьттара иза, х1окхаьрга б1аьрг а бетташ.

Вайна ма-гарра, кху предложенешкахь т1ехь, т1е, дехьа бохучу дешнаша стомачунна бохучу билгалдешан а, г1анта бохучу ц1ердешан, пхеанна бохучу терахьдешан а, цунна бохучу ц1ерметдешан а предложенехь кхечу дешнашца (хиъна 1ара, яздира, хуьлу, лаьттара) йолу юкъаметтиг гойту.

**Дешт1аьхьенийн тайпанаш**

Х1инцалерчу нохчийн маттахь лелаш дешт1аьенаш х1ор ю:

| | | | |
|---|---|---|---|
| чу | юккъе | т1ехьа | дехьа |
| т1е | улло | т1аьхьа | сехьа |
| к1ел | йисте | гонаха | дуьхьа |
| юххе | хьалха | дуьхьал | хьокъехь |

Исторически аг1онгахьара дешт1аьхьенаш шайн схьайовларца ц1ердешнийн а, куцдешнийн а орамашца йоьзна ю. Масала: йисте, юккъе, дехьа, сехьа дешт1аьхьенаш кхоллаелла х1окху ц1ердешнех: йист, юкъ, дехье, сехье.

Куцдешнех хилла дешт1аьхьенаш ларало: юххе-юххехь, гонах-гонах, гена-генахь, герга-гергахь; уьш хилла юххе, гена, герга бохучу куцдешнех.

Меттиган куцдешнийн а санна, дешт1аьхьенийн меттигниг дожаран ерриг а форманаш хила тарло. Масала: т1е-т1ехь-т1ера, к1ел-к1елахь-к1елара-к1елахьара,, йисте-йстехь-йистехьа-йистехьара.

Цхьайолчу дешт1аьхьенийн ч1аг1даран кеп а хуьлу. Масала: хьалха-хьалххе, йухе-йуххе, йукъа-йуккъе, йисте-йистте.

Шайн кхоллайаларехь дешт1аьхьенаш йеа кепара йу:

1) цхьалхе дешт1аьхьенаш (кхечу къамелан дакъойх хилла йоцурш) : метта, сов, к1ел, охьа, хьала, дуьхьа, дуьйна.
2) куцдешнех хилларш: гонах, юххехь, уллохь, юххехула, уллохула, дуьхьал, т1аьххье.
3) ц1еран дешт1аьхьенаш: кепара (кеп бохучух хилла), хьесапехь (хьесап бохучух хилла), хьокъехь (хьакъ бохучух хилла).
4) хандешнех хилларш: хьаьжжина, лаьцна, лоций, хьожжий, диллича (цуьнга диллича, цунах лаьцна, цуьнга хьаьжжина).

Шайн маь1ница дешт1аьхьенаш хила тарло:

1) меттигийн юкъаметтиг билгалйоккхурш: чу, т1е, к1ел, юххе, улло, йисте, т1ехьа, хьалха, юкъа, дехьа, сехьа;
2) меттигийн юкъаметтиг билгал ца йоккхуш а) 1алашонан, бахьана-дуьхьа; б) ойланан, къамелан объект билгалйеш йолу дешт1аьхье-хьокъехь (дешаран хьокъехь, г1ишлон хьокъехь).

Дешт1аьхьенийн нийсайазйар

Предложенехь дешт1аьхье къаьстина язйо. Масала: Буьйсанна пеша юххехь 1ара со, йогучу ц1аре а хьоьжуш.

Дешт1аьхье дешхьалхенах къасто хаа деза. Шена хьалхара ц1ердош ц1ерниг дожарехь делахь, цунах дешхьале хуьлу. Масала: хи чудоьжна. Тхов т1екхетта. Хи т1едаьлла.

Нагахь шена хьалхара ц1ердош лург дожаран йацйинчу формехь хилахь, цунах дешт1аьхье хуьлу. Масала: хи чу доьжна йовлакх, тхов т1е кхетта т1улг.

Цул сов, дешхьалхе, хандашна т1ехьа йаккха а мега (т1аккха иза къаьстина йазйо. Масала: эца д1а, ткъа дешт1аьхье шена хьалхарчу ц1ердашна йуххера д1а а йаьккхина, кхечу дашна йуххе х1отто ца мега.

Дуьхьа, хьомара, метта боху дешт1аьхьенаш даиманна а доланиг дожарца лела, масала, Султанан дуьхьа, сан дуьхьа.

## Хуттургаш. Йукъара маь1на

Предложенехь йолчу цхьанатайпанарчу меженийн йа чолхечу предложенехь йолчу тайп-тайпанарчу предложенийн юкъаметтиг билгалйоккхучу г1уллакхан дешнех хуттургаш олу.

Хьала а, охьа а ца хьожуш, нийсса д1авоьдура иза.

Шаьш вовшахъхуттучу дешнийн форманашца доьзна дац хуттурийн лелар; коьрта долчу декъана, цара вовшахъхутту муьлххачу а къамелан декъан цхьатерра форманаш (Дика а, вон а цхьатерра ловра цо. Сагар а, хазар а дика дацара цуьнан. Ц1ен а, можа а зезагаш лепара бацалахь. Вала а, вола а ца вуьтура Ахьмада шен доттаг1. Амма хуттургаша вовшахъхотта тарло тайп-тайпанчу къамелан дакъойн тайп-тайпана форманаш ( Куц-кеп товш дара цуьнан, амма ша харцахьара вара иза.

### Хуттургийн тайпанаш

Предложенехь шаьш кхочушдечу синтаксически г1уллакхе хьаьжжина хуттургаш хуьлу:

1) цхьаьнакхетаран;
2) карара.

Предложенин цхьанатайпанара меженаш а, чолхе цхьаьнакхеттачу предложенехь цхьалхе предложенеш а вовшахъхуттучу хуттургех цхьаьнакхетаран хуттургаш олу. Цхьаьнакхетаран хуттургаш хуьлу:

1) дозаран – а. Масала: Са а тесира, малх схьа а кхийтира.

2) къасторан – я. Масала: Гурахь я 1ай садо1а г1ур ву со.

3) дуьхьалара - амма, ткъа, х1етте а, делахь а, бакъду, цхьабакъду.

Масала: Деша ваха дагахь вара иза, амма аьтто бацара. Со беша асар дан яха кечлуш яра, ткъа 1имран эсашна буц якхха ван дагахь вара. Цо аьхкина меттиг йоккха яра, делахь а ахка езарг кхин а дукха яра.

Нохчийн меттан карара хуттургаш кхоччуш теллина йац. Карара хуттургаш а йекъало дакъошка: бахьанин –х1унда аьлча, бехкаман- нагахь, нагахь санна, дустаран- санна, кхеторан- аьлла, бохуш. Карара хуттургаш дукха йац, х1унда аьлча вайн маттахь чолхе-карарчу предложенехь т1етуху предложенеш коьртачуьнца йузуш хуттургийн меттана лелаш дуккха а хуттурган дешнаш хиларна.

Хуттургийн морфологически х1оттам

Шайн морфологически х1оттаме хьаьжжина, нохчийн меттан хуттургаш хуьлу:

1) цхьалхе (цхьана орамах лаьтташ) : а, я, амма, ткъа, санна, нагахь;
2) чолхе (шина я кхаа орамах лаьтташ) : бакъду, цхьабакъду;
3) х1оттаме (шина Дашах лаьтташ) : х1унда аьлча, нагахь санна, делахь а, х1етте а.

Хуттургаш предложенехь кхечу дешнех къаьстина йазйо. Чолхе хуттургаш (бакъду, цхьабакъду) цхьаьна язйо. Х1оттаман хуттургаш къаьстина язйо. Масала: х1унда аьлча, нагахь санна, делахь а.

**Дакъалгаш. Йукъара маь1на**

Предложенина я цуьнан меженашна тайп-тайпана маь1на лучу г1уллакхан дешнех дакъалгаш олу. Масала: Хьо-м сан ярий Нохчийчоь, со-м хьан варий, Нохчийчоь. Хуур дуй те хьуна хьайга д1акховдийна г1уллакх дан ма-деззара кхочушдан. Ма дохковаьлла со, ма дохковаьлла ала деззарг цуьнга д1а ца аьлла.

Цу предложенешкахь билгалдинчу дакъалгаша предложенина а, цуьнан меженашна а тайп-тайпана маь1наш ло.

## Дакъалгийн тайпанаш

Дакъалгаш хуьлу:

1 Хаттаран : те, техьа, теша, х1ан. Масала: Г1ан ду теша х1ара.. Хаза а, дика а дуй техьа вай артистийн ловзар?

2 Ч1аг1даран (бакъдаран): те, х1аъ, дера, хьаха. Масала: х1аъ, дера вевза. Хезна хьаха.

3. Дацаран: ца, ма, х1ан-х1а. Ца хезна суна. Ма бакъ дацара иза. Хан-х1а, со реза вац.

4. Ч1аг1даран: -м, -х, -кху, -кха, ма, а, кхин а, ур-атталла. Иштта элира-кх, со-м ца ваьхьна цуьнга вистхила, хьо-х варий и дерриге хууш, вайна ма-гарра хаза г1ишло ю х1ара.

5. Хьастаран: -ца, кхин. Масала: аьллийца, дийцинийца, аьлла-кхин.

6. Айдаран: мел, ма, -ца. Мел товш ю хьан коч! Ма хаза лаьтташ ю вайна гуьйре!

7. Дозатохаран: бен, деккъа. Воккха стаг бен вацара цуьнан г1о лоцуш. Деккъа цхьа кехат а эцна вахара к1ант шеен верасана.

8 Ч1аг1даран-къасторан: Ур-атталла, хьовха. Баккхийнаш хьовха, ур-атталла кегий бераш а дара артисташка хьовса баьхкина.

## Дакъалгийн нийсайаздар

Ч1аг1даран дакъалгаш -м, -х, -кх, -ма, дефисца йаздо.

Хаттаран, бакъдаран дакъалгаш х1аъ, дера, хьаха даима а къаьстина яздо.

Дацаран дакъалгаш ца, ма хандешнашца къаьстина яздо.

Дацаран дакъалг ца ц1ердашций, масдарций, карарчуй, яханчуй хенийн лаамечу причастиций, причастих хиллачу куцдашций цхьаьна яздо: цатам, цабезам, цахаар, цатешийла, цахоьттург, цаэрриг; амма деепричастица къаьстина яздо: ца олуш, ца хезаш.

Дацаран дакъалг ца хандешан чаккхенгахь цхьаьна яздо: тешац, алац, хазац.

## Айдардош. Йукъара маь1на

Х1уманан я г1уллакхан хаадалар тайп-тайпана хилар гойтучу къамелан декъах айдардош олу. Масала: Эх1-х1е-х1ай-кх, хьо доьхна г1уллакх (халахетар), 1алелай, ма дукха адам дара майданахь гулделла (цецвалар), Эх1, ма хаза г1ан дара сунна гинарг! (хазахетар).

Кхидолчу къамелан дакъоша санна, айдардешнаша х1ума билгал ца йо. Цара цхьаццаболу синхаамаш бовзуьйту.

Шайн морфологически х1оттаме хьаьжжина, айдардешнаш хила тарло схьадовлаза а (юьхьанцара), схьадевлла а. Схьадовлаза долу айдардешнаш алссам ду схьадевллачаьрца дуьстича. Схьадовлаза долу айдардешнаш кхечу къамелан дакъошца доьзна доцуш, грамматически тодина хаалуш дац. Уьш ду: эх1ей! маржа я1, оффай! уввай! ой! же!

Ткъа схьадевлла айдардешнаш цхьаццадолчу къамелан дакъойх схьадевлла ду. Вай дела! Х1а-х1аний, айалаш. Маржа я1! Маьлхан дуьне! Ма мерза-ду-кх хьо!

Шуьйра яьржина ю айдардешнаш хилла лелаш йолу хандешнийн форманаш нохчийн маттахь. Цу тайпана долчу айдардешнаша билгалдоккхург муьлххачу а цхьана дарах тера долу аз ду. Масала: гор-горов аьлла, лаьттах кхийтира иза. Кхин ч1икъ д1а ма баккхалахь! Ма ле схьа!

### Айдардешнийн тайпанаш

Айдардешнаш кхаа тайпане декъа тарлуш ду:

1) синхаамийн айдардешнаш: эх1, 1алелай, ой, маржа-я1, байттамал-я1, оввай, оффай, эс-кх, эх1е-х1ай, х1ай-х1ай;
2) азтардаран айдардешнаш: гап, гап-гип, дап, дап-дип, ж1ашт, чкъашт, ж1ашт-ж1ишт, къакъарашт;
3) кхайкхаран айдардешнаш: же, но, ч1ов-ч1ов-ч1ов, тигри-тигри, писупису, цист, цици-цици, хьайц.

Х1уманан я г1уллакхан хаадалар синхаамца билгалдечух синхааман айдардош олу. Масала: Эх1, ма хаза кхаъ бу ахь беанарг! Эх1-х1ай, хьалхара ч1ег1ардиг дац иза!

Х1уманан я г1уллакхан хаадалар азтардарца билгалдечу айдардешнех азтардаран айдардешнаш олу. Масала: дув-в-в,-бохуш, трактораn г1овг1а хеза шерачу арахь. Ж1ашт аьлла, бетах х1ума туьйхира цо цунна.

Х1уманан я г1уллакхан хаадалар кхайкхарца билгалдечу айдардешнех кхайкхаран айдардешнаш олу. Масала: ч1ов-ч1ов, пису-пису, мимша-мимша, йитша-йитша, бокъша-бокъаша, цици-цици.

Предложенехь айдардешнаш дукхахьолахь юьххьехь лаьтташ хуьлу. Цхьайолчу хенахь предложенина юккъехь нисдала а тарло. Масала: Аш лелош дерг, оффай, ма к1ордийна суна!

**Айдардешнийн нийсайаздар**

1.Чолхе айдардешнаш дефисца яздо, масала: эх1е-х1ай, х1ай-х1ай, маржа-я1, жолам-я1, байттамал-я1, гап-гип, дап-дип, гов-гив-гов.

2.Чолхечу айдардешнийн чаккхенга х1отта тарло дефисца яздеш долу ч1аг1даран дакъалг –кх, масала: маржа-я1-кх, жолам-я1-кх, байттамал-я1-кх, эх1е-х1ай-я1-кх.

3.Айдардош маь1на ч1аг1деш олучохь чаккхенгахь мукъаза аз шала элп долуш яздо, масала, гов-говв, гап-гапп, дап-дапп.

4.Айдардош парг1атчу эшарца олуш хилахь, цунна т1ехьа запятой юьллу: 1алелай, ма дукха зезагаш ду оцу аренца!

5.Айдардош ч1ог1ачу эшарца алахь, цунна т1ехьа айдаран хьарк дуьллу: Эх1! Ма хаза хуьлу аьхка ломахь!